# Векало ПахIала

# Тите

## яздина кехат

Тита кхечу къомах схьаваьлла вара. Iийсах тешаш верг а хилла, хаза кхаъ кхайкхоран балхахь ПахIалан гIоьнча хилира цунах. *Векало ПахIала Тите яздина кехат* Крит-гIайре тIехь волчу шен къоначу гIоьнче дахьийтина ду. ПахIала иза цигахь витира Iийсах тешначийн тобанашца боьзна болу болх дIакхехьа. Кехат тIехь язбина кхо коьрта хьехам бу.

Цкъа-делахь, яздархочо Титина дагадоуьйту, критахойн вон амал хиларан тидам а бина, динан тобанан куьйгалхой муха амал йолуш хила беза аьлла. ШолгIа-делахь, Титина хьехам бо, Iийсах тешаш болчу нехан тайп-тайпана тобанаш муха Iамо еза: баккхий нах, баккхий зударий (ткъа цара къона зударий Iамо беза), къона божарий, леш. Эххар а яздархочо Титина дуьйцу, Iийсан долахь болу нах муха лела беза аьлла. Уьш машаре а, эсала а хила беза, ткъа цабезамах а, сонтачу къийсарех а, динан тоба йохош дечу къамелех а ларбала беза.

### *Дешхьалхе*

1 1 ХIара кехат ду Делан лай волчу а, Дала ллеррина къобалвинчу Iийсан
векал волчу а ПахIалера. Со Дала къобалвина Ша хаьржина болчу не-
хан тешар нийса хилийта а, суьпа муха даха деза гойтуш долу билггал
бакъдерг адамашна довзийта а. 2 И кхочушдарца Дела волчохь хедар до-
цучу дахаре сатийсар ло. Цкъа а харц воцучу Дала заманаш йолаялале
дуьйна а хьалха вайна и дахар лур ду аьллера. 3 Шена хеттачу хенахь Дала
Шен дош довзийтира. Вайн КIелхьардохург волчу Дала, сох а тешна, и
дош дIакхайкхор суна тIедиллира.
4 Iийсах тешар вайшиннан цхьаъ хиларна, билггал сан кIант волчу
хьоьга яздо аса, Тита.
Вайн Да волчу Делера а, вайн КIелхьардохург волчу Дала ллеррина къо-
балвинчу Iийсагара а долу дика а, синпаргIато а хуьлийла хьуна.

1:4 2 Коринтхошка 8:23; Галатахошка 2:3; 2 Тимапига 4:10.



### *Титас Крит-гIайре тIехь къахьегар*

5 Аса Критехь хьо витар хIара Iалашо йолуш дара: цигахь даза дисина
гIуллакхаш хьоьга чекхдахийтар а, ас хьайна тIедиллина ма-хиллара, ди-
нан тобанаш йолчу массо а гIаланашкахь тхьамданаш дIахIиттабар а.
6 Иштанаш дIахIиттабелахь: шайн леларехь вониг ала хIума доцурш,
цкъа бен зуда ялоза берш. Церан береш а Iийсах тешаш хила деза. Цхьан-
нан а йиш хилийта ца еза, церан береш сийсаза лела, я уьш Далла муь-
тIахь дац ала. 7 Делан болх шен карахь берг санна, шен леларехь ала вон
хIума доцуш хила веза динан тобанан гIайгIабийриг. Ша лакхара а ца хе-
таш, оьгIазе а, сиха а воцуш, маларна тIера а воцуш, леташ а, девне а во-
цуш, ахчанца шена пайда а ца лоьхуш, хила веза иза. 8 Безамца хьеший тIе
а оьцуш, диканиг а дезаш, собаре а волуш, оьзда а волуш, Далла тешаме а
волуш, юхаозавала а хууш, хила веза тхьамда. 9 Иштта оха хьехначу, теша
хьакъ долчу хьехамашна тIегIерташ хила а веза иза. ТIаккха нийсачу хье-
хамашца кхиберш иракарахIитто а, оцу хьехамашна дуьхьал берш харц-
бан а йиш хир ю цуьнан.
10 ХIунда аьлча кIезиг бац адамаш карзахдохуш къамелаш дийраш. Ца-
ра, даьсса хабарш а дуьйцуш, нах Iехабо. Къаьсттина Iийсах тешаш болчу
сунтбинчех лаьцна боху ас хIара. 11 Уьш совцо беза. Дийнна доьзалш
хIаллакбо цара, цаоьшург кхайкхош. Эхь а ца хеташ, шайна пайда лоь-
хуш до цара иза. 12 Царна юкъара волчу цхьана пайхамаро аьлла а ма ду
хIара: «Критахой гуттара а бу харцлуьйш а, акхаройн къизалла йолуш а,
тIингар юзу малончаш а». 13 И нийса аьлла а ду-кх. Цундела мел болчу
къовламца харцбе уьш, церан тешар нийса хилийтархьама. 14 Жуьгтийн
къоман туьйранаш а, билггал долчу бакъдолчун тIера дIабирзинчеран
хьехамаш а тергал байта ца беза цаьрга. 15 Цхьаболчара олу: «ЦIена бол-
чарна массо а хIума цIена ду, ткъа къинош летийначарна а, Iийсах ца те-
шачарна а цхьа а хIума цIена дац». Амма церан ойланаш а, дегнаш а
телхина ду. 16 Шайна Дела вевза олу цара, амма шаьш лелош дерг бахьана
долуш Цунах дIабоьрзу уьш. Уьш хьакъ долуш бу вай царах ца даша. Уьш
Далла муьтIахь бац. Цхьана а тайпана дика гIуллакх шайгара далийта це-
ран хьуьнар дац.

### *ЦIена хьехамаш*

2 1 Ткъа ахьа билггал бакъболчу хьехамашца догIуш дерг хьеха. 2 Сема
а, хьанал а, собаре хилар а, ткъа шайн тешарехь а, безамехь а, собар
хиларехь а уьш цIена хила безар а хьеха баккхийчу нахана. 3 Иштта бак-
кхий зударий а кхетабе, цIена а, лараме а лелаш, мотт а ца бетташ, мала-
ран дола а ца боьлхуш, кхечарна диканиг а хьоьхуш, уьш хила безарх.

1:6-9 1 Тимапига 3:2-7.

[4] Цаьрга хьехийта къоначарна шайн майранаш а, шайн бераш а дезар.
[5] Собаре а, цIена а, шайн доьзалийн бала болуш а, дола деш а, дика хила
безарх а, шайн майранашна муьтIахь хила безарх а кхетабе уьш, цхьаьнг-
ге а Делан дашах лаьцна вониг ца алийтархьама.
[6] Иштта къона божарий а кхетабе собаре хила [7] массо а хIуманна тIехь.
Царна хьайгара дика масал гойтуш хилалахь. Хьайн хьехамашкахь дог-
цIена а, оьзда а хила. [8] Хьайн хьехам цIена хилийта, тIехтохам бан йиш а
ца хуьлуьйтуш, хьайн мостагIа, юьхьIаьржачу а хIоьттина, вайх лаьцна
ала цхьа а вон хIума доцуш витархьама.
[9] Лешна а хьеха шайн олахошна муьтIахь хила безарх а, цара олахошна
массо а хIуманна тIехь там бан безарх а, олахошна уьш дуьхьал лен ца бе-
зарх а лаьцна. [10] Къола а ца деш, тешаме уьш хила безар а хьеха царна, ца-
ра лелош долчу дерригено а вайн КIелхьардохург волчу Делах лаьцна
хьехамаш хазбархьама.
[11] ХIунда аьлча массо а адамашна кIелхьардохуш долу Делан дикалла
гучуделира. [12] Iесалла а, дуьненан боьха лаамаш а дIа а тесна, собаре а,
догцIена а, суьпа а лелаш кху заманчохь даха хьоьху вайна оцу дикалло.
[13] Вай иштта лела деза, къобалдинчу сатийсаре ла а дуьйгIуш: иза хир ду
сийлахьчу Делан а, вайн КIелхьардохург волчу Дала леррина къобалвин-
чу Iийсан а* сийлалла схьадар. [14] Цо вайн дуьхьа Шен дахар дIаделла, вай
муьлххачу а зуламех паргIатдахархьама а, Шен долахь долу а, дикачунна
тIегIиртина долу а халкъ къинойх цIандархьама а.
[15] ХIара хьеха дезарш а хьеха, хьайн мел долчу олаллица иракара а хIит-
табе уьш, шен-шен метта а хIиттош, дIанисбе, цхьа а хьох ца вешаш ца
хилийта.

*Iийсах тешарш муха лела беза*

3 [1] Нахана дагадаийта шаьш хьаькамашна а, куьйгаллехь болчарна а муь-
тIахь хила безар а, муьлхха а дика гIуллакх дан шаьш кийча хила безар а.
[2] Цхьанна а ле а ца луьйш, машаре а, эсала а, массо а адамашца шаьш кIеда-
мерза хилар а гойтуш, хила беза уьш. [3] ХIунда аьлча вай а ма дара цхьана хе-
нахь сонта а, Далла муьтIахь доцуш а, тиладелла а лелаш. Тайп-тайпанчу
боьхачу лаамийн а, дегIана там лехаран а леш а хилла, оьгIазаллах а, дерал-
лах а, хьогIах а дуьзна, вовшийн а ца дезаш, дехаш дара вай.
[4] Вай КIелхьардохург волчу вайн Делан дика а,
адамашка болу Цуьнан безам а гучубаьлча,
[5] вай дина долу бакъахьара гIуллакхаш бахьанехь а доцуш,
ткъа Шен къинхетамца кIелхьардаьхна вай.

Шен Дезачу Синехула
Цо вай цIан а дина,
юха а кхоьллина,
карла а даьхна.

[6] Ша леррина къобалвина волчу,
вайн КIелхьардохург волчу Iийсагахула
Дала шортонца тоьхна вайна
Шен Синан Iаь.
[7] Шен маьхза долчу диканца Цо вай бакъдина,
Ша волчохь хедар доцучу дахаре кхача сатуьйсучех
вай хилийтархьама.

[8] И дош бакъ ду.
Цундела суна а лаьа оцу тIехь хьо латта, Делах тешнарш дика гIулла-
кхаш дарна тIехь кхиамаш баха гIертийтархьама. Иза дика а ду, адамаш-
на пайден а ду. [9] Сонтачу къийсарех а, шайн хьалхалера тайпанаш хьехош
къуьйсуш дечу къамелех а, товрат-хьехамех лаьцна дечу девнех а, хабарех
а ларлолахь. Уьш пайден а дац, даьсса а ду. [10] Цкъа а, шозза а айхьа хье-
хамаш бина болу нах бекъаболуьйтург Iадвита, [11] и стаг, нийсачу нов-
къара гал а ваьлла, къинош а летош, ша-шена кхел еш лелаш хилар хьай-
на хаьа дела.

*ТIаьххьара хьехамаш*

[12] Артем я ТихIак аса хьайна тIеваийтича, со волчу Никупола-гIала
схьаван хьажа сихо елахь, хIунда аьлча цигахь Iа даккха сацам бина аса.
[13] Iедал девзаш волу Зину а, Апа-Леса а дика леррина новкъа ваккхалахь.
Царна оьшучу цхьанна а хIуманна тIехь ледарло ма елахь. [14] Вайнаш а Iа-
ма беза шайн хан дикачу гIуллакхашна яйа, дахарна оьшург тоъал хилий-
тархьама а, царах пайденна боцурш ца хилийтархьама а.
[15] Соьца болчара массара а хьоьга маршаллаш доуьйту. Тхо санна Де-
лах а тешаш, тхо дезачаьрга массаьрга а маршаллаш ло тхоьгара.
Делан дика хуьлийла шуьца массаьрца а.

---

* [2:13] *Сийлахьчу Делан а, вайн КIелхьардохург волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсан а.* Я иштта: *сийлахь Дела а, вай КIелхьардохург а волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсан а.*

[2:14] Забур 129:8; Арадаккхар 19:5; Карлабаьккхинарг 4:20; 7:6; 14:2; 1 Кипин 2:9.

[3:12] Векалийн 20:4; Эпасхошка 6:21, 22; Ковлусихошка 4:7, 8; 2 Тимапига 4:12.
[3:13] Векалийн 18:24; 1 Коринтхошка 16:12.